

# 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

7 JEN 2010

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

**Premye Pati** a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyon sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon No. 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Dezyèm Pati** a genyen 14 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

**PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.**

## EKSPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan l. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini aprè l, repons yo make ak lèt A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fèy repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 pou make repons ou yo sou fèy repons la.

Li egzanzp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

**S-1** Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanzp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons ki nan egzanp **S-2** a.

**S-2** Kilès nan bèt sa yo ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon.

## Pati I

1 Ki pwopriyete yon objè ki pèmèt li koube?

- A koulè
- B souplès
- C mas
- D dimansyon

2 Yo voye yon boul nan lè a. Ki fòs ki lakoz boul la tonbe atè a?

- A friksyon
- B gravite
- C mayetis
- D elektrisite

3 Ki fòm enèji ki pwodui lè yon kòd gita vibre?


- A chimik
- B limyè
- C mayetik
- D son

**Remake kesyon 4 la gen sèlman twa chwa.**

4 Yon kamyon jwèt ap woule sou yon sifas ki lis. Si yo kouvri sifas la avèk sab, kamyon an pral gen plis chans pou l woule

- A pi dousman
- B pi vit
- C nan menm vitès


5 Dyagram ki anba a montre yon pati tè ki te chanje aprè plizyè ane.



Ki pwosesis ki te chanje fòm kouch wòch la avèk letan?

- A kondansasyon
- B evaporasyon
- C ewozyon
- D mayetis

6 Pouli ak levye yo montre anba a itilize enèji mekanik pou deplase yon objè.




Pouli ak levye a se egzanp

- A sikui
- B leman
- C zouti mezi
- D machin senp

- 7** Yon elèv fwote men l ansanm pou l ka chofe yo. Men l vin cho akòz
- A friksyon
  - B gravite
  - C mayetis
  - D son
- 8** Yo klase Solèy la kòm
- A yon òganis
  - B yon dekonpozè
  - C yon etwal
  - D yon planèt
- 9** Apeprè konbyen tan sa pran Latè pou l fè yon revolisyon otou Solèy la?
- A yon jou
  - B yon semèn
  - C yon mwa
  - D yon ane
- 10** Lè yon anpoul limen, enèji elektrik chanje an enèji limyè ak
- A enèji chimik
  - B enèji mayetik
  - C enèji tèmik
  - D enèji mekanik
- 11** Ki zouti ki ta pi itil pou obsève detay nan zèl yon ensèk?
- A tèmomèt
  - B balans
  - C loup
  - D silenn gradye

Sèvi ak dyagram ki anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 12 ak 13 yo. Dyagram ki anba a montre kat mab idantik ak yon silenn gradye ki genyen 43 mL dlo ladan l.



**12** Yon elèv mete de mab nan silenn lan epi nivo dlo a monte sot nan 43 mL pou rive nan 45 mL. Answit elèv la mete lòt de (2) mab yo nan silenn gradye a. Nan ki nivo dlo a pral ye lè tout kat mab yo nan silenn gradye a?


- A 43 mL
- B 45 mL
- C 47 mL
- D 49 mL

**13** Ki pwopriyete mab yo ki lakoz nivo dlo a monte lè yo mete yo nan silenn gradye a?

- A koulè
- B fòm
- C teksti
- D volim

\*\*\*\*\*

14 Yo montre yon sikui elektrik ki pa konplè anba a. Anpoul la **pa** limen.



Ki objè pou yo ta mete nan X pou konplete sikui a epi limen anpoul la?

- A leman
- B batri
- C klou metal
- D dezyèm anpoul

**Remake kesyon 15 lan gen sèlman twa chwa.**

15 Ofiramezi distans ant yon leman ak yon klips an metal ogmante, fòs datraksyon ant yomenm

- A diminye
- B ogmante
- C rete menm jan

16 Ki konpòtman ki pral pi byen ede yon elèv rete an sante?

- A gade televizyon senk èdtan chak jou
- B dòmi twa zèdtan chak swa
- C manje fwi ak legim chak jou
- D fè egzèsis yon fwa pa mwa

17 Ki de (2) pwosesis lavi ki rive ni nan plant ni nan moun?

- A kwasans ak repwodiksyon
- B jèminasyon ak pwodiksyon manje
- C kwasans ak pwodiksyon manje
- D jèminasyon ak repwodiksyon



- 18** Yon elèv mete tè nan yon resipyan an plastik pou fè yon kay pou kèk vètè. Elèv la fè kèk twou sou tèt resipyan an paske vètè yo bezwen
- A espas pou deplase
  - B lè pou respire
  - C limyè solèy pou grandi
  - D son pou kominike

**Remake kesyon 19 la gen sèlman twa chwa.**

- 19** Ofiramezi timoun yo ap grandi, abityèlman wotè yo
- A diminye
  - B ogmante
  - C rete menm jan
- 20** Ki reyaksyon imen ki gen plis chans pou rive akòz tanperati lè a se 90°F?
- A batman
  - B salivasyon
  - C tresayman
  - D transpirasyon
- 21** Plant yo se pwodikte yo ye paske yo
- A pwodui pwòp manje yo
  - B ka grandi nan tè a
  - C bezwen dlo pou grandi
  - D absòbe nitriyan
- 22** Pou ki rezon kèk bèt ibène nan livè?
- A pou jwenn manje pou pitit yo
  - B pou adapte a chanjman nan anviwònman an
  - C pou atire yon konpay
  - D pou evite predate

**Remake kesyon 23 a gen sèlman twa chwa.**

**23** Yon ti mal chen eritye trè nan men

- A toulède paran yo
- B manman l, sèlman
- C papa l, sèlman

**24** Ki de (2) chanjman anviwònmantal ki souvan konn lakoz kèk bèt fè migrasyon?

- A chanjman nan sezon ak mwens predatè
- B chanjman nan sezon ak mwens manje
- C pèt abita ak mwens predatè
- D pèt abita ak plis manje

**25** Fonksyon rasin yon plant se pou absòbe

- A limyè ak dlo
- B limyè ak lè
- C nitriyan ak dlo
- D nitriyan ak tè





**26** Enèji ki konsève nan manje soti orijinèlman nan

- A lè
- B tè
- C limyè solèy
- D dlo

**27** Lè de bèt ap viv nan menm zòn epi yo depann de menm òganis la pou manje, y ap fè

- A konpetisyon
- B dekonpozisyon
- C jèminasyon
- D ibènasyon

28 Ki dyagram ki montre lòd nan etap sik lavi yon papiyon?



**29** Yon tigason ansanm ak sè li toulè de jwe pyano. Jwe pyano se yon egzanjman

- A yon chanjman fizik
- B yon karakteristik erite
- C yon fonksyon lavi
- D yon konpòtman moun aprann

**30** Yon elèv te fè eksperyans sa a

Li plante kat diferan kalite grenn nan po ki idantik ki ranpli ak menm kalite epi menm kantite tè. Li te mete po yo nan yon kote ki cho, ki gen solèy epi li te mete menm kantite dlo ladan yo chak jou pandan yon mwa.

Ki kesyon konsènan grenn sa yo ki ta ka jwenn repons alafen mwa a?

- A Ki grenn ki te grandi byen nan fènwa?
- B Ki grenn ki te pwodui plant ki pi wo yo?
- C Ki grenn ki te siviv nan tanperati frèt?
- D Ki grenn ki te bezwen mwens kantite dlo?

\*\*\*\*\*

**ALE TOUDWAT NAN PATI II ⇒**


## Pati II

*Eksplikasyon* (31–44): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba a pou chak kesyon.

**31** Yo site anba a kèk pwopriyete yon boul ak yon blòk.

<b>Boul</b>	<b>Blòk</b>
kawoutchou	wouj
wouj	300 g
won	rèd
300 g	kib
lis	bwa

Konplete dyagram Venn lan ki anba a pou fè konparezon epi kontras ant boul la ak blòk la. Sèvi ak tout pwopriyete ki site anwo a. [1]



32 Tablo done ki anba a montre tanperati lè a an mwayèn chak mwa pou Albany, New York, pandan kat premye mwa nan ane a.

**Tanperati lè a an mwayèn chak mwa pou Albany, New York**


Mwa	Tanperati Lè a (°F)
Janvyè	22
Fevriye	25
Mas	35
Avril	47

Pandan ki **de** mwa yo montre la a nèj ta gen plis chans pou l rete atè a san l pa fonn? [1]

ak

---

33 Dyagram ki anba a montre dlo k ap bouyi nan yon chodyè an metal ki chita sou yon fwaye dife yon fou.




Eksplike rezon ki fè manch chodyè a fèt avèk bwa. [1]

---

---

Sèvi ak dyagram sik dlo ki anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 34 jiska 36 yo. Lèt *A*, *B*, ak *C* reprezante twa pwosesis nan sik dlo a.



**34** Idantifye pwosesis *A*. [1] \_\_\_\_\_


**35** Idantifye pwosesis *B*. [1] \_\_\_\_\_

**36** Idantifye **de** fòm presipitasyon ki fè dlo retounen sou sifas latè nan pwosesis *C*. [1]

\_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_


\*\*\*\*\*

37 Dyagram ki anba a montre de (2) resipyan pou mezire, A ak B.



Resipyan A genyen 10 millilit (mL) yon likid. Yo vide tout likid ki nan resipyan A nan resipyan B. Nwasi resipyan B nan dyagram ki anwo a pou montre volim dlo nan resipyan B aprè yo te vide l sot nan resipyan A. [1]

38 Dyagram A, B, C, ak D anba a montre menm branch pyebwa pandan chak nan kat sezon yo nan Eta New York.




Idantifye sezon yo montre nan B ak C. [1]

B: \_\_\_\_\_ C: \_\_\_\_\_



39 Dyagram ki anba a montre yon faktori ki bò yon rivyè.



(Pa desinen sou echèl)

Dekri **de** efè *negatif* faktori a ka genyen sou òganis k ap viv nan zòn nan. [2]


(1) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

40 Dyagram ki anba a montre yon kay ak yon lakou.




(Pa desinen sou echèl)

Idantifye **de** bagay **ki pa kreyati vivan** ki dekri nan dyagram nan. [1]

ak \_\_\_\_\_

Sèvi ak dyagram chèn alimantè ki anba a pou reponn kesyon 41 ak 42 yo.



(Pa desinen sou echèl)

41 Idantifye yon predatè nan chèn alimantè sa a. [1]

\_\_\_\_\_


42 Eksplike poukisa popilasyon krapo a ka *diminye* si kantite koulèv yo ogmante. [1]

---


---

\*\*\*\*\*

Sèvi ak dyagram ki anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 43 ak 44 yo. Dyagram lan montre menm rena a nan lete ak nan livè.



**Rena nan lete**



**Rena nan livè**

43 Rena a gen fouri fonse nan lete, ki vin tounen blan nan livè. Eksplike ki jan adaptasyon sa a ede rena a siviv nan livè. [1]

---

---

44 Idantifye **yon lòt** adaptasyon sezonye, apa de koulè fouri a, ki ede rena a siviv nan livè. [1]

---

\*\*\*\*\*

GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

Pou pwofesè itilize sèlman  
Part II Credit

<b>Question</b>	<b>Maximum Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
<b>31</b>	<b>1</b>	
<b>32</b>	<b>1</b>	
<b>33</b>	<b>1</b>	
<b>34</b>	<b>1</b>	
<b>35</b>	<b>1</b>	
<b>36</b>	<b>1</b>	
<b>37</b>	<b>1</b>	
<b>38</b>	<b>1</b>	
<b>39</b>	<b>2</b>	
<b>40</b>	<b>1</b>	
<b>41</b>	<b>1</b>	
<b>42</b>	<b>1</b>	
<b>43</b>	<b>1</b>	
<b>44</b>	<b>1</b>	
<b>Total</b>	<b>15</b>	